

Minimizasyon Done

Aprann fason pou pratike minimizasyon done yo

1. Kisa Minimizasyon Done Ye?

Minimizasyon done se yon prensip ak pratik ke founisè sèvis sou entènèt yo itilize. Avèk pratik sa a, founisè sèvis yo kolekte sèlman kantite minimòm done pèsonèl ke yo bezwen yo pou yo bay yon sèvis yon fason efikas. Ou ka pratike minimizasyon done poukont ou tou lè w konnen done w ap pataje epi rann disponib sou entènèt, epi pran mezi pou sekirize epi pwoteje done ou yo.

2. Konsidere Pratik pou Done Ou yo

Ki kalite done pèsonèl ak enfòmasyon ou ta prefere minimize sou entènèt?

Ki kalite enfòmasyon ou konfòtab rann disponib yon fason piblik?

3. Aplike Minimizasyon Done

Konsidere ki kote ou ka aplike pratik minimizasyon done sa yo epi fè nòt kote ou ta renmen aplike plis pratik minimizasyon done

Itilize pi bon pratik konfidansyalite yo

- Netwayaj Modpas
 - Evite reyitilize modpas yo
 - Sèvi ak otantifikasyon ki gen plizyè faktè
 - Sèvi ak jesyonè modpas (gen vèsyon gratis ki disponib)
- Paramèt konfidansyalite kont

Ki kote ou ta renmen aplike pi bon pratik konfidansyalite yo? Sèvi ak espas sa a pou reponn.

Piblikasyon ak aktivite kont sou entènèt

- Sa ou pibliye sou entènèt la
- Ki moun ki ka wè piblikasyon w ak aktivite w
- Ki kalite enfòmasyon ou pataje

Ki kote ou ta renmen repanse sa ou pibliye epi ki moun ki ka wè li? Sèvi ak espas sa a pou reponn.

NYC Digital Safety

Privacy & Security

Kont ak sèvis sou entènèt

- Ki kote ou enskri pou sèvis yo
- Ki pratik done sèvis ou itilize yo
- Ki kalite enfòmasyon ou chwazi bay

Ki kont ak sèvis sou entènèt ou ta renmen enskri epi kenbe? Kiyès ou ta renmen elimine? Sèvi ak espas sa a pou reponn.

Fè yon plan!

Ki premye etap ou vle fè pou minimize kantite done ou ta renmen pataje? Sèvi ak espas sa a pou reponn.